

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Nagara Indonesia kawéntar ka sakuliah dunya ku kabudayaanana. Nagara Indonesia beunghar ku rupa-rupa hasil kabudayaan, boh dina wangun hasil karajinan (hasil karya) boh dina wangun kasenian tradisional. Rupa-rupa hasil kabudayaan Indonesia dipintonkeun di unggal “*event*”, di jero atawa di luar nagri. Sanajan jaman ayeuna mah kabudayaan Indonesia téh geus loba kasilih ku kabudayaan ti luar nagri, tapi loba kénéh kabudayaan Nusantara anu nyésa jeung dimumulé kénéh ku masarakatna. Ku kituna, geus jadi kawajiban sakumna masarakat Nusantara pikeun ngamumulé éta sakabéh kabudayaan anu aya.

Loba pisan jalma (para pakar) anu ngahartikeun kabudayaan, boh dina harti anu heureut boh dina harti anu jembar. Kabudayaan dina harti nu heureut nya éta pikiran, karya, jeung hasil karya manusa anu nyumponan hasratna ngeunaan kaéndahan. Jadi, kabudayaan téh kasenian. Sabalikna aya nu ngahartikeun kabudayaan dina harti nu jembar (utamana para ahli sosial), nya éta sakabéh pikiran, karya, jeung hasil karya manusa anu teu museur kana nalurina, lantaran ngan bisa dikedalkeun ku manusa sanggeus ayana prosés diajar (Koentjaraningrat, 1990: 1).

Nurutkeun Koentjaraningrat (1990: 5-8), paling saeutik aya tilu wujud kabudayaan, nya éta:

- 1) Wujud kabudayaan sabagé hiji hal anu kompléks tina sawangan-sawangan, gagasan, ajén-ajén, norma-norma, aturan-aturan, jsb. Sipatna abstrak, teu bisa dirampa atawa dipoto. Ayana dina jero sirah (uteuk) manusa anu ngabogaan éta kabudayaan. Ieu kabudayaan bisa disebut adat tata kalakuan, adat (dina harti husus), jeung adat-istiadat (jamakna). Disebut tata kalakuan, maksudna yén kabudayaan *ideel* éta téh biasana miboga pungsi sabagé tata kalakuan anu ngatur, ngadalikeun, jeung pituduh kana kalakuan jeung paripolah manusa dina masarakat.

- 2) Wujud kabudayaan anu kadua sok disebut ogé sistem sosial, ngeunaan kalakuan manusana sorangan. Ieu sistem sosial ngawengku *interaksi* aktivitas manusa, campur gaul jeung sasamana. Sabagé runtuyan tina aktivitas manusa dina masarakat, sistem sosial mah sipatna konkrit, aya di sabudeureun, bisa diobservasi, dipoto, jeung didokumentasikeun.

- 3) Wujud kabudayaan sabagé barang tina hasil karya manusa. Wujud nu ieu mah disebut kabudayaan fisik jeung butuh katerangan anu loba. Ku lantaran mangrupa hasil fisik sagemblengna tina aktivitas, kalakuan, jeung karya sakabéh manusa dina masarakat, jadi sipatna pangkonkritna, ogé mangrupa barang anu bisa dirampa, ditingali, jeung dipoto.

Konsep kabudayaan téh ambahanana lega pisan, ampir sakabéh aktivitas manusa dina kahirupan. Ku kituna, kabudayaan téh diwengku ku unsur-unsur anu

ilaharna disebut unsur budaya (Koentjaraningrat, 1990: 2). Leuwih jéntréna tujuh unsur budaya téh nya éta:

- 1) sistem réligi jeung kapercayaan,
- 2) sistem jeung organisasi kamasarakatan,
- 3) sistem pangaweruh,
- 4) basa,
- 5) kasenian,
- 6) sistem pakasaban, jeung
- 7) sistem téknologi jeung pakakas.

Éta tujuh unsur téh miboga sub-unsur séwang-séwangan, anu ngawengku sakabéh kahirupan manusa di dunya. Éta tujuh unsur kabudayaan téh nuduhkeun tingkatan-tingkatan anu dominan sarta nuduhkeun tahapan anu kuat pangaruhna, hésé robahna. Misalna, sistem réligi jeung sub-unsur-unsurna ngalaman parobahan anu leuwih lila tibatan sistem téknologi atawa pakakas tatanén.

Tétéla, réligi (atawa sok disebut ogé agama) mangrupa bagéan tina kabudayaan. Hubungan antara kabudayaan jeung agama nya éta ngawujudna kabudayaan anu didasaran ku ajén-ajén jeung norma-norma agama.

Bangsa Indonesia kabagi kana sababaraha sélér bangsa, saperti: Acéh, Batak, Minangkabau, Lampung, Sunda, Jawa, Madura, jeung réa-réa deui. Dina unggal éta wewengkon téh loba karya-karya anu mangrupa titinggal tina kabudayaan kuno. Éta kabudayaan téh bisa mangrupa wangunan atawa bisa ogé mangrupa karya-karya tinulis (karya sastra).

Karya sastra mangrupa ékspresi pikiran dina wangun basa. Anu dimaksud ékspresi pikiran di dieu téh nya éta sawangan, ideu, rasa, jeung kagiatan méntal manusa nu diékspresikeun kana hiji wangun kaéndahan pikeun ngahontal tujuan bebeneran moral, anu eusina bisa méré kani'matan jeung rasa éndah keur nu macana.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 138), karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Loba pisan karya sastra anu digelarkeun ku masarakat di tatar Sunda. Karya sastra éta téh bisa mangrupa prosa atawa puisi. Masarakat Jawa Barat umumna ngagunakeun basa Sunda pikeun campur gaul (komunikasi) dina kahirupan sapopoé. Basa Sunda anu dipaké nepi ka ayeuna ngalaman parobahan boh kandaga kecapna boh pungsina. Dina kandaga kecap (kosa kata) basa Sunda, réa narima kekecapan ti luar saperti basa daérah lian, basa Indonesia, jeung basa kosta. Dina lebah pungsina, basa Sunda lian ti dipaké pikeun alat komunikasi, ogé pikeun nalungtik kabudayaan anu raket patalina jeung sajarah, basa, sastra, budaya, adat istiadat, jeung saterusna. Kamekaran basa Sunda ogé mawa parobahan kana kahirupan budaya Sunda dina sagala hal (sakabéh unsur budaya anu geus disebutkeun di luhur).

Kahirupan kasenian, kaasup widang sastra, gumantung kana manusa anu ngarandapanana. Kahirupan sastra Sunda nurutkeun jamanna (bihari, kamari, kiwari) saeutik gedéna mawa parobahan anu nyongcolang. Éta hal bisa katitén dina wangun sastra buhun saperti dongéng. Mangsa bihari, dongéng (*oral tradition*) téh sumebar ngaliwatan média lisan (tatalépa), sedengkeun kiwari geus

dibukukeun (média tinulis) tur bisa dibaca ku balaréa. Salian ti éta, aya wangun média tinulis lianna nya éta naskah.

Naskah mangrupa salasihiji wangun sastra tinulis anu kaasup ulikan filologi. Di Indonesia, hususna di tatar Sunda, saeutik pisan jalma anu ngabogaan karep pikeun nalungtik widang filologi. Dina filologi, hal-hal anu dijadikeun objék panalungtikanana nya éta naskah jeung téks.

Eusi naskah-naskah anu ditulis ku kolot baheula téh rupa-rupa, kayaning kaagamaan, basa, hukum, kamasarakatan, mite/legenda, paririmbong, atikan, sastra, sajarah, jeung kasenian.

Di tatar Sunda, mimiti ayana nu nulis naskah nya éta dina abad ka-16. Ekadjati (1982: 106) dina Ruhaliah ngabagi periode penulisan naskah Sunda kana tilu kelompok, nya éta naskah Sunda kuno (abad ka-16 jeung 17), naskah Sunda peralihan (abad ka-18), jeung naskah Sunda anyar (abad ka-19 jeung 20).

Bahan anu digunakeun dina nulis naskah Sunda baheula, lain maké keretas anu geus aya di toko jiga ayeuna. Tapi dina mangsa harita mah naskah téh ditulis tina sababaraha jenis bahan diantarana: daun lontar, daun kalapa ngora, daun kawung, awi, pandan, jeung keretas.

Karya sastra kolot baheula téh perlu pisan dimumulé sangkan teu leungit diteleg jaman. Saperti anu ditétélakeun ku Achdiati (1997: 157) yén:

“Dalam kerangka berfikir pelestarian, posisi dan peran sastra tradisional merupakan suatu hal yang penting difikirkan dan direnungkan, karena kemungkinan-kemungkinan apa yang ditawarkannya dan kontribusi apakah yang bisa diberikannya dalam melestarikan atau membangun kembali nilai-nilai budayanya”.

Jadi, tétéla karya sastra tradisional anu salasahijina dina wangun naskah ieu téh bakal mangaruhan kana kamajuan kabudayaan. Tapi dina kanyataan sapopoé, karya sastra tradisional saperti naskah teu loba anu maliré lantaran geus kasilih ku karya sastra modérn anu leuwih gampang dibaca jeung dipahamina. Salasahiji nu ngabaluarkeun naskah kurang dipaliré ku masarakat dina mangsa kiwari nya éta tulisan jeung basana anu geus teu pati kaharti.

Salasahiji wangun tina naskah téh nya éta wawacan. Naskah wawacan mangrupa hasil kabudayaan urang Sunda bihari, anu bisa dijadikeun objék panalungtikan. Bangsa Indonesia miboga dokuméntasi sastra heubeul anu mangrupa bagéan tina kabeungharan bangsa nu sipatna multikompléks jeung ngandung ajén spiritual.

Dina kahirupan mangsa bihari, naskah teu leupas tina kahirupan masarakat Sunda, anu dijadikeun tradisi kaagamaan atawa salaku papagon dina kahirupan sapopoé. Tapi dina mangsa kiwari mah éta naskah téh ngan saukur jadi jimat atawa pusaka anu ngan disimpen, dipusti-pusti sabab sipatna sakral téa.

Sabenerna di tatar Sunda téh loba pisan naskah-naskah anu can kaguar. Ku sabab éta, urang Sunda kudu ngarasa prihatin kana kaayaan samodél kitu. Sanajan éta naskah-naskah téh masih kénéh aya nu sok dibaca, tapi ngan saukur dina waktu-waktu anu tangtu, henteu ngahaja digunakeun pikeun ngulik élmu pangaweruh anu aya dina éta naskah atawa ngamumulé kamekaran naskah atawa wawacan éta sorangan. Contona anu biasa dibaca dina upacara salametan orok, nya éta wawacan Babar Nabi. Maca wawacan biasana dihariringkeun atawa

ditembangkeun dina pagelaran beluk, tapi teu sakabéh wawacan bisa dipidangkeun dina wangun beluk.

Dina ieu panalungtikan digunakeun naskah wawacan anu judulna “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”. Ieu téks di jerona loba ngagambarkeun kahirupan kaagamaan dina jamanna. Ku kituna salian ti nganalisis strukturna ogé dianalisis ngeunaan ajén kaagamaanna. Agama anu aya dina ieu naskah téh nya éta agama Islam (bisa katitén tina judul naskahna “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh). Dina hakékatna agama Islam téh nya éta aturan atawa undang-undang Allah nu aya dina kitab Allah jeung sunah Rosul-Na nu ngawengku paréntah-paréntah, panyaram-panyaram, sarta pituduh-pituduh sangkan jadi papagon hirup jeung kahirupan umat manusa pikeun kabagjaan di dunya jeung ahérat. Sacara umum, anu jadi dasar dina agama Islam nya éta aqidah, ahlak, jeung fiqih. Ku lantaran kitu, dina ieu panalungtikan, dianalisis ajén kaagamaan dina naskah wawacan “Sajarah lampahing Perwali Kabéh”.

Méméh ieu naskah wawacan dianalisis, dilaksanakeun heula prosés transliterasi lantaran ieu naskah ditulisna dina aksara Arab Pégon. Ieu hal dilakukeun sangkan téks gampang dianalisisna, tur bisa dibaca ku nu séjén.

Anu ngaranna sastra geus tangtu baé ngabogaan unsur-unsur karya sastra anu teu bisa leupas. Unsur-unsur karya sastra téh nya éta téma, pakta carita (galur/plot, palaku, jeung latar/setting), jeung sarana carita. Ku lantaran éta unsur-unsur karya sastra teu bisa leupas tina karya sastra, dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan unsur karya sastra sangkan gampang dina nganalisis hal-hal nu séjénna.

Tapi dina ieu panalungtikan anu dipedar leuwih jero mah ngeunaan karakteristik palaku dina ieu wawacan.

Di handap ieu aya sababaraha wawacan anu geus ditalungtik, nya éta:

a. Skripsi Ngeunaan Wawacan

- 1) *Analisis Struktur jeung Ajén Budaya Wawacan Muslimin Muslimat* ku Abdul Hamid taun 2004
- 2) *Analisis Struktur jeung Ajén Budaya Wawacan Sulanjana* ku Dina Darnia taun 2004.
- 3) *Analisis Struktur jeung Ajén Budaya Wawacan Radén Kuda Gambar* ku Endah Puspitaningsih taun 2004.
- 4) *Analisis Struktur Wawacan Ambungsari jeung Lembusari* ku Deuis Aisah taun 2006.
- 5) *Ajén Kaagamaan dina Wawacan Syéh Abdul Qodir Jaélani* ku Ai Sadiyah taun 2006.

b. Panalungtikan Ngeunaan Wawacan

- 1) *Carios Sajarah Lampahing Para Wali Kabéh* ku Rosad Amidjaja taun 1997.
- 2) *Wawacan Sajarah Galuh* ku Edi S. Ekadjati, dkk taun 1981.
- 3) *Wawacan Bermana Sakti* ku Tatang Sumarsono, dkk. taun 1990.
- 4) *Wawacan Jayalalana* ku Aam Masduki, dkk. taun 1996.

- 5) *Wawacan Babad Mataram III* ku Emon Suryaatmaja & A. Diana taun 1998.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan sangkan teu lega teuing ambahanana. Watesan masalah ieu panalungtikan nya éta:

- a. ngadéskripsikeun naskah wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”;
- b. nyusun édisi téks naskah wawacan wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”;
- c. nganalisis karakteristik palaku dina carita wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”; jeung
- d. ngadéskripsikeun ajén kaagamaan anu aya dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”, ngawengku aqidah, ahlak, jeung fiqih.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Kumaha déskripsi naskah wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”?
- b. Kumaha édisi téks wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”?
- c. Kumaha karakteristik palaku dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”?

- d. Kumaha ajén kaagamaan dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh” anu ngawengku aqidah, ahlak, jeung fiqih?

1.3. Tujuan jeung Mangfaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Sagala kagiatan dina kahirupan ieu tangtuna ogé miboga tujuan sangkan éta kagiatan téh puguh guluyuranana. Tujuan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

- a. palaku dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”;
- b. ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”, anu ngawengku akidah, ahlak, jeung fikih.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat ka balaréa, boh ka panalungtik sorangan boh ka nu lian. Dina ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis ogé mangpaat tioritis.

1.3.2.1. Mangpaat Tioritis

- a. Pikeun panalungtik: nambahan pangaweruh ngeunaan wangun wawacan jeung bisa ngajéntrékeun tur ngajembaran pangaweruh ngeunaan analisis struktur jeung ajén kaagamaan dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”.

- b. Pikeun kapentingan akademis: bisa ngeuyeuban bahan kajian filologi atawa dina widang séjénna anu aya hubunganana jeung filologi.

1.3.2.2. Mangpaat Praktis

- a. Pikeun masarakat, bisa numuwuhkeun karep jeung karesep pikeun ngamumulé sastra heubeul, sarta bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan filologi sarta mikanyaho kahirupan mangsa katukang.
- b. Pikeun nu boga naskah, éta naskah bakal kanyahoan eusina ogé bisa digunakeun dina kahirupan masarakat.

1.4. Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Wawacan mangrupa salasihiji karya sastra heubeul anu kudu dimumulé.
- b. Wawacan téh miboga struktur carita.
- c. Wawacan ieu téh miboga ajén kaagamaan.

1.5. Tatapakan Tiori

Tatapakan tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tiori filologi, tiori sastra, jeung tiori kaagamaan.

Tiori sastra digunakeun pikeun ngalenyepan ngeunaan naon-naon anu aya patalina jeung karya sastra, hususna struktur karya sastra. Dina widang sastra, tiori anu digunakeun dina ieu panaungtikan nya éta: *Sastra dan Ilmu Sastra* (Teeuw, 1984), *Pengantar Apresiasi Karya Sastra* (Aminuddin, 1987), *Kamus*

Istilah Sastra (Iskandarwassid, 2003), *Téori Pengkajian Fiksi* (Nurgiantoro, 2005).

Tiori ngeunaan filologi digunakeun pikeun ngalenyepan ngeunaan filologi jeung wawacan hususna. Tiori anu digunakeun nya éta: *Wawacan: Sebuah Genre Sastra Sunda* (Ruhaliah, 2004), *Prinsip-prinsip Filologi Indonesia* (Robson, 1994), *Pengantar Tiori Filologi* (Baried dkk, 1985).

Tiori ngeunaan kaagamaan digunakeun pikeun maluruh ngeunaan kaagamaan anu aya hubunganna jeung panalungtikan. Tiori anu digunakeun nya éta: *Al Qur'an jeung tarjamahanna* (Shaleh dkk, 2003), *Fiqh Islam* (Rasjid, 2006), *Kitab Tauhid jilid 1 & 3* (Shalih bin Fauzan bin Abdullah al-Fauzan, 2006), *Kitab Tauhid jilid 2* (Tim Ahli Ilmu Tauhid, 2006).

1.6. Wangenan Operasional

Sangkan leuwih écés tur teu nimbulkeun rupa-rupa tapsiran dina ngalaksanakeun panalungtikan, ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- a. **Analisis**, panalungtikan kana struktur jeung ajén kaagamaan pikeun mikanyaho kaayaan nu sabenerna sarta meunang wangenan anu bener jeung pamahaman harti nu sabenerna.
- b. **Struktur**, corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra nu gembleng boga ma'na.
- c. **Ajén**, nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (LBSS, 1992) nya éta pangaji atawa harga. Jadi, ajén dina ieu panalungtikan nya éta hal-hal (*nilai-nilai*)

anu hadé sarta aya patalina jeung kaagamaan dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”.

- d. **Kaagamaan**, kapercayaan ka Nu Mahasuci jeung aturan-aturan ibadah anu aya dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”.
- e. **Wawacan**, carita nu didangdingkeun, digelarkeun dina wangun puisi pupuh jeung biasana sok ditembangkeun.
- f. **Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh**, carita anu ditulis dina wangun pupuh nu nyaritakeun lalampahan Walangsungsang, Lara Santang (adina) nepi ka turunannana ngalalana ka sakuliah dunya néangan élmu agama Islam nepi ka jaman para wali.

